



TIT RÈGLEMAN AN: Règleman sou Asistans Finansyè

Depatman ki Responsab la: Asistans Finansyè pou Pasyan

Dat Kreyasyon an: 14 fevriye 2014

MOUN KI SOUMÈT LI (OTÈ) A SE: Shelli Luckey

Tit: Manadjè Asistans Finansyè pou Pasyan ak Pamela Abbott, Direktris Sèvis Finansyè pou Pasyan

MOUN KI APWOUVE L LA SE: Keith Nilsson

Tit: Vis Prezidan Finans Rejyon Nò, Vis Prezidan Sik Revni

Dat yo Revwa l: «LastDate»

Dat Revizyon an: «CreateDate»

PIBLIYE (Difize): «ReleaseDate»

REZIME AK OBJEKTIF:

Yo tabli règleman sa a pou elabore machasuiv operasyonèl yo pou Bethesda Hospital, Inc. ("BHI"), antanke yon filyal Baptist Health South Florida, Inc. ("BHSF"), pou idantifye pasyan ki pa gen asirans ki bezwen asistans finansyè, e pou trete aplikasyon pasyan pou asistans finansyè. Anplis, objektiv règleman sa a se pou endike nan ki sikonstans BHI ap bay asistans finansyè pou pasyan ki pa ka peye pou sèvis yo e pou adrese kijan BHI kalkile montan yo chaje pasyan ki elijib pou asistans finansyè yo. Règleman sa a aplikab pou Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West ("Lopital yo").

RÈGLEMAN:

Antanke yon founisè swen sante ak yon òganizasyon ki gen egzanpsyon fiskal, BHI ap chèche pou l satisfè bezwen pasyan nan kominote a ak zòt kap chèche swen, kèlkeswa kapasite finansyè yo pou peye pou sèvis yo ba yo. Epitou, BHI se yon òganizasyon yo idantifye antanke òganizasyon charitab (sètadi li ekzante pou taks) selon seksyon 501(c)(3) nan Kòd 1986 Revni Entèn (Internal Revenue Code of 1986), jan yo te amande l la ("Kòd" la). Konfòmman ak seksyon 501(r) nan Kòd la, si pou BHI kenbe estati egzanpsyon fiskal li a li gen obligasyon (pami lòt obligasyon) pou l adopte ak pibliye règleman sou asistans finansyè l la toupatou.

Pou favorize sante ak byennèt kominote li desèvi a, moun ki pa gen asirans e ki pa gen anpil resous finansyè ki pa ka gen aksè pou yo jwenn pwogram sosyal, moun sa yo ap elijib pou resevwa sèvis swen sante gratis selon dè kritè ki etabli. Kritè elijibilite yo ap sitou baze sou Direktiv pou Pòvreté Federal la (Federal Poverty Guidelines) epi yap mete yo ajou chak ane anmenm tan ak mizajou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (United States Department of Health and Human Services) pibliye yo. Yo ka revize kritè elijibilite yo lè yo ka swa ajoute oswa diminye ladan yo, selon sa ki nesèsè. Objektiv kritè elijibilite a selon règleman sa a se pou alwe resous pou asistans finansyè dapre kapasite yon pasyan genyen pou l peye.

Yo ka refize bay yon pasyan asistans finansyè si pasyan an elijib pou lòt resous ki bay pwoteksyon asirans tankou Medicaid oswa yon plan Echanj Asirans Sante (Health Insurance Exchange) ki sibvansyone e si pasyan an refize aplike pou resous sa yo. Règleman sa a aplike pou montan yo chaje pasyan pou sèvis asirans sante oswa lòt sous peman (paregzanp, tyès pati, asirans oto, asirans dedomajman pou travayè, elatriye) pa kouvri. Si yo detèmine ke pasyan an gen posibilite pou l peye tout bil la oswa yon pòsyon ladann, detèminasyon sa a pap anpeche ke yo re-evalye kapasite moun nan genyen pou l peye nan yon pwochen dat alavni. Yap re-evalye pou wè si moun nan bezwen asistans finansyè nan moman suivan yo.

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

1. Apre chak sèvis yo bay pasyan an
2. Lè gen chanjman nan revni a
3. Lè gen chanjman nan kantite moun ki gen nan fanmi an

Règleman sa a pa aplike pou sèvis yo bay nan sèvis Swen Eksprès (Express Care), sèvis Swen sou Demand (Care on Demand), sèvis nan nenpòt pratik konsyèj nan Baptist Health Medical Group oswa sèvis nan nenpòt etablisman oswa nan men doktè nan Baptist Health South Florida. Baptist Health South Florida bay asistans finansyè anba yon règleman separe. Metsouli, règleman sa a pa aplike pou chiriji kosmetik ni pou lòt pwosedi opsyonèl ki pa nesèsè sou plan medikal pou dyagnostik oswa tretman maladi oswa blesi ki emèjan. Règleman sa a aplike sèlman pou frè yo chaje nan etablisman Bethesda Hospital, Inc. ak pou frè doktè ki anplwaye nan Baptist Health Medical Group North chaje yo. Règleman sa a pa aplike pou frè doktè ki travay an prive yo chaje e li pa aplike nonplis pou bil lòt konpayi endepandan yo chaje.

Pou pasyan ki pa gen asirans yo, BHI pral travay nan tèt ansanm ak pasyan yo pou ede yo jwenn yon pwogram asistans finansyè ki ka kouvri swa tout oswa yon pati nan bil lopital ki pa peye a (yo). Pasyan ki gen asirans prive, fòk Lopital yo travay ak pasyan an e ak konpayi asirans la pou detèmine kisa ki ka kouvri anba kontra asirans pasyan an. Puiske byensouvan BHI pa ka jwenn enfòmasyon sa a rapidman nan men konpayi asirans la, pasyan an gen obligasyon pou l bay enfòmasyon anplis konsènan ki sèvis konpayi asirans li ap kouvri anvan menm li chèche jwenn sèvis pou swen ki pa ijan ak sèvis pou swen ki pa presan. Konsènan bil pou pasyan ki pa gen asirans, tanpri al li sa ki make nan seksyon Faktirasyon ak Rekouvremant ki pi ba a.

BHI ap bay asistans finansyè pou pasyan ki pa gen asirans yo, pou swen nan ka dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè sou plan medikal (swen ki pa opsyonèl), ki kalifye selon direktiv ki nan règleman sa a. Si pou yo konsidere bay yon pasyan asistans finansyè, fòk pasyan an kowopere pou l bay enfòmasyon ak dokimantasyon ki nesèsè yo pou aplike pou lòt resous finansyè ki egziste ki ka disponib pou peye swen sante pasyan an, resous tankou Medicaid, Envalidite oswa Distri Swen sante (Healthcare District). Sèl lè asistans finansyè a ap disponib se lè pasyan an pa kalifye pou yon lòt sous finansman, e si li satisfè kritè yo dekri nan règleman sa a. Pasyan an ak/oswa moun ki pòte l kòm garan an ap responsab pou ranpli fòmilè aplikasyon ki obligatwa yo, epitou yo fèt pou bay tout kowoperasyon yo pou rasanble enfòmasyon yo ak nan pwosesis evalyasyon an, defason pou yo ka konnen si pasyan an elijib pou asistans finansyè. Pral gen konseye finansyè BHI kap disponib pou ede pasyan yo konplete aplikasyon an.

Nesesite pou tretman medikal ijan oswa emèjan pou kèlkeswa pasyan an ap baze sou jijman klinik founisè tretman an selon prensip nòm pratik yo san yo pa teni kont de sitiyasyon finansyè pasyan an. Metsouli, Lopital yo respekte egzijans federal Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) lè yo fè yon egzamen depistaj medikal pou chèche konnen si gen yon pwoblèm medikal dijans ki egziste. Nap trete tout pasyan ak respè, jantiyès, san paspouki e ak avèk koutwazi nan atitid, nan mannyè ak ton vwa nou itilize, kit yo ka peye, kit yo pa ka peye.

Resous yo limite e li nesèsè pou tabli limit ak direktiv. Nou pa kreye limit ak direktiv sa yo pou refize ni dekouraje moun ki nan bezwen e kap chèche tretman. Nou kreye yo pou asire ke resous BHI ka pèmèt pou l konsakre pou pasyan l yo ak konsantre l sou pasyan ki plis bezwen yo e ki gen mwens kapasite pou peye pou yo a, olye pou yo konsantre sou sila ki pa vle peye yo.

ANGAJMAN POU BAY SWEN MEDIKAL DIJANS:

BHI bay moun swen pou pwoblèm medikal dijans san li pa diskrimine, kit moun sa yo elijib, kit yo pa elijib pou resevwa asistans selon règleman sa a. BHI pap angaje l nan okenn aksyon ki dekouraje moun pou yo chèche swen medikal dijans, kòm paregzanp lè l mande pasyan ki nan depatman dijans yo pou yo peye anvan menm yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa lè l otorize aktivite rekouvremant dèt ki entèfere ak prestasyon swen medikal dijans, san diskriminasyon. Konfòmeman ak prensip EMTALA, yo bay tout pasyan BHI sèvis medikal dijans, ikonpri transfè dijans, san diskriminasyon, konfòmeman ak règleman EMTALA chak lopital.

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

Enfòmasyon suivan yo bay nivo asistans finansyè ki anba règleman sa a:

Klasifikasyon	Responsab pou administrasyon	Direktiv sou elijiblite ¹ (dapre nivo pòvrete federal yo [FPL])	Rabè ki aplikab sou chaj total la
Kalifye onivo leta oswa onivo federal ²	Vis Prezidan Finans nan Rejyon Nò	Revni familyal ki 200% Nivo Pòvrete Federal (FPL) la oswa mwens	100%
Asistans finansyè ki baze sou bezwen espesyal	Vis Prezidan Finans nan Rejyon Nò	Revni familyal ki ant 200 e 300% Nivo Pòvrete Federal (FPL) la	100%

¹ Yo itilize nivo pòvrete federal yo kòm kritè elijiblite debaz pou règleman sa a. Gade Atachman 1 pou ka wè Direktiv sou Pòvrete Federal yo. Yo ka konsidere lòt enfòmasyon finansyè tankou byen moun posede ak chaj lopital yo.

² Kont ki kalifye nan nivo sa a ka klasifye antanke kont "ki kalifye onivo leta oswa onivo federal" pouvike dat egzeyat pasyan an tonbe nan menm ane fiskal ak oswa nan peryòd 2 ane fiskal anvan anilasyon an. Si dat egzeyat la tonbe anvan lè sa a, yap klase asistans finansyè a antanke "asistans finansyè ki baze sou bezwen espesyal."

Kèlkeswa pasyan ki kalifye pou resevwa kouvèti asirans anba Palm Beach County Health Care District, pasyan sa a satisfè kritè kalifikasyon pou asistans finansyè selon règleman sa a poutèt direktiv PBCHCD ki suiv Direktiv sou Pòvrete Federal la ki se 200%. Espesifikman, asistans finansyè konplè (100% rabè sou chaj total la) ap disponib pou pasyan ki pa gen asirans e ki gen revni ki pi ba pase 200% Direktiv sou Pòvrete Federal la (gade Atachman 1).

SÈVIS KI ELIJIB SELON RÈGLEMAN SA A:

Règleman sa a aplikab pou tout swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal (non-opsyonèl) ke yo bay nan Lopital yo. Gade Atachman 2, Lis Founisè, pou yon lis founisè, apade BHI limenm, ki bay swen medikal dijans oswa lòt kalite swen ki nesèsè onivo medikal (non-opsyonèl) nan Lopital yo ki presize ki founisè règleman sa a kouvri ak kilès li pa kouvri.

BAZ POU KALKILE MONTAN YO CHAJE PASYAN YO:

Lwa ak règleman fiskal federal entèdi lopital charitab yo chaje pasyan ki elijib pou asistans finansyè yo plis pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal (non-opsyonèl) pase Montan yo Faktire Anjeneral (Amount Generally Billed, "AGB") bay moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo.

Aprè yon detèminasyon elijiblite selon règleman sa a, yo pa p chaje yon pasyan ki elijib pou asistans finansyè plis pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal pase AGB. BHI itilize Metòd Medicare Potansyèl la pou tabli AGB. Selon metòd sa a, yo itilize pwosesis faktirasyon ak kodaj ke BHI ta itilize pou kalkile AGB si moun ki elijib pou asistans finansyè a te yon benefisyè frè pou sèvis Medicare epi lè l fikse AGB a pou swen an nan montan ke BHI detèmine ki tap montan total Medicare tap otorize pou swen an (ikonpri toulede, montan ke Medicare tap ranbouse a ak montan ke benefisyè a tap responsab pou l peye pèsònèlman sou fòm kopeman, ko-asirans ak dediktib).

BHI pa voye fakti ni li pa antisipe resevwa peman pou chaj total nan men moun ki kalifye pou asistans finansyè selon règleman sa a.

BHI ap fè efò rezonab pou l detèmine si yon pasyan elijib pou asistans finansyè anvan l angaje nan aksyon rekouvremant ekstraòdinè (gade pwosedi 6 ki anba a).

Pou pasyan sa yo ki pa kalifye pou asistans finansyè selon règleman sa a, BHI ofri yon diskont pou pasyan ki elijib kap peye pou tèt yo. Gade Pri pou Moun Kap Peye pou Tèt yo ak Tarif Fiks pou Sèvis selon Règleman 1039 Bethesda BHSF

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

KONTÈKS/APLIKABILITE:

Règleman sa a aplike pou Bethesda Hospital, Inc., ikonpri Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West.

PWOSEDI POU ASIRE KONFÒMITE:

1. Definisyon:

- a. **AGB:** Montan yo faktire anjeneral pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè onivo medikal pou moun ki kouvri anba asirans.
- b. **Aksyon Rekouvreman Ekstraòdinè:** Nenpòt aksyon yon etablisman lopital pran kont yon moun ki gen rapò ak jwenn peman pou yon bil pou swen ki kouvri anba pwogram asistans finansyèl Lopital yo ki egzije pwosesis legal oswa jidisyèl ikonpri men ki pa limite ak sa yo sèlman: plasman an-privilèj sou pwopriyete yon moun, sezi byen imobilye yon moun, sezi sou kont anbank yon moun oswa sou lòt byen pèsònèl, antame yon aksyon sivil kont yon moun, sezi salè, rapòte enfòmasyon negatif sou yon moun bay yon ajans ki rapòte kredi konsomatè ak vant yon dèt endividiyèl bay yon lòt pati.
- c. **Asistans Finansyèl:** Sèvis swen sante yo pat janm prevwa ki tap rantrè lajan kach. Asistans finansyèl se lè moun ki satisfè kritè etabli yo resevwa sèvis swen sante gratis oswa a yon pri redui.
- d. **Byen yo:** Pami byen yo gen lajan kach ak investisman ki disponib imedyatman tankou kont epay ak kont kouran ansanm ak lòt investisman, ikonpri fon retrèt oswa fon IRA, valè asirans vi, kont fidisyèl, elatriye. Pami byen yo genyen tou ekite sou yon rezidans prensipal ak lòt byen imobilye.
- e. **EMTALA:** Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay Aktif (Emergency Medical Treatment and Labor Act), 42 USC1935dd.
- f. **Endijan sou plan Medikal:** Yon pasyan ki gen bil medikal oswa bil lopital ki depase yon pousantaj espesifik nan revni brit anyèl moun nan ke yo detèmine konfòmeman ak sistèm elijibilite antite swen sante a, e ki pa gen mwayen finansyèl pou peye rès bil la. Yo klase yon pasyan ki akimile depans medikal katastwofik antanke endijan sou plan medikal lè peman pou l fè a ta mande pou l likide byen li posede ki esansyèl pou l viv oswa ke lavant sa a ta koze gwo difikilte finansyèl pou sistèm sipò fanmi an.
- g. **Fanmi:** Pasyan an, konjwen l (ikonpri yon moun ki nan plasaj legal) ak depandan legal li yo konfòmeman ak règ Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Services) tabli. Kidonk, si pasyan an deklare yon moun antanke yon depandan l nan deklarasyon taks li, yo ka konsidere moun nan antanke depandan pou resevwa asistans finansyèl a.
- h. **Nesèsè sou plan Medikal:** Nan pi fò ka yo, se Medicare kap defini kisa ki nesèsè sou plan medikal (sèvis oswa atik ki rezonab e ki nesèsè pou dyagnostike oswa pou trete maladi oswa blesi). Lòt sèvis, yo pa konsidere ki nesèsè sou plan medikal selon rekòmandasyon Medicare, BHI ap konsidere yo sou yon baz ka-pa-ka an konsiltasyon ak lidèchip doktè BHI.
- i. **Pasyan Emèjan ak Pasyan Ijan:** Pasyan ki prezante e ki resevwa tretman nan departman dijans lopital BHI (ikonpri pasyan ki entène ak pasyan ann obsèvasyon ke yo admèt atravè departman dijans la) oswa nan sant ki bay swen ijans ak pasyan kap tann egzeyat e ki bezwen sèvis suivi pou pasyan ki pa entène.
- j. **Pasyan ki Pa Kouvri Anba Asirans:** Yon pasyan ki pa gen asirans sante oswa nenpòt lòt sous kap peye (paregzanp tyès pati, asirans machin, konpansasyon pou dedomajman travayè, elatriye) pou kouvri swen yo mande oswa swen yo administre. Anplis, chaj ki rete apre asirans la fin peye poutèt benefis la fin epuize oswa poutèt limit kouvèti yo espesifye an dola a rive (paregzanp benefis pou pasyan ki entène ki se \$100/jou) se chaj ki pa kouvri anba asirans. Asistans finansyèl pou pasyan elektif ak benefis ki fin epuize oswa limit yo kouvri ekzije apwobasyon jan yo dekri l nan seksyon Pwosedi Otorizasyon pou Asistans Finansyèl, ki pi ba a. Deziyasyon pou pa kouvri anba asirans la pa aplikab a yon pasyan pou obligasyon ki soti nan pòch pasyan an pou yon kopeman, dediktib oswa ko-asirans.
- k. **Peryòd Aplikasyon:** Se peryòd BHI genyen pou l aksepte ak trete yon aplikasyon pou asistans finansyèl selon Règleman pou Asistans Finansyèl l la ke yon moun soumèt, defason pou l fè tout sa l

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

kapab pou l detèmine si moun nan elijib pou l resevwa asistans finansyè selon règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay moun nan swen an epi l fini nan dat ki pi lwen an, ki swa nan 240yèm jou apre dat yo bay premye etadkont pou bil apre egzeyat pou swen an oswa omwen 30 jou apre BHI bay moun nan yon avi alekri ki tabli yon dat limit e ke apre dat limit sa a yo ka kòmanse pran aksyon ekstraòdinè.

l. **Revni Disponib:** Revni famiyal anyèl divize pa 12 mwa, mwens depans masyèl jan yo egzije l sou aplikasyon an.

m. **Revni Famiyal:** Revni brit, salè, dividand, enterè, benefis Sekirite Sosyal, konpansasyon pou dedomajman travayè, benefis veteran, alokasyon pou moun ki nan fòmasyon, alokasyon militè, sipò regilye manm fanmi ki pa viv nan kay la konn bay, pansyon gouvènman, pansyon prive, peman asirans ak peman rant anyèl, revni ki soti nan lwaye, wayalti, patrimwàn ak twòs.

2. Direktiv sou Asistans Finansyè:

a. Se Manadjè Asistans Finansyè pou Pasyan an ak/oswa Sipèvizè Asistans Finansyè pou Pasyan an oswa moun yo deziyen an ki pral revwa kont pasyan ki endijan sou plan medikal, sou yon baz endividyèl.

b. Yap konsidere aplikasyon pou asistans finansyè yo kòm aplikasyon ki aktyèl pandan sis mwa oswa jiskaske yo detèmine gen yon chanjman nan sityasyon finansyè pasyan an.

3. Kominikasyon Pwogram:

a. Règleman sa a, aplikasyon pou asistans finansyè ki konsène a ak enstriksyon pou aplikasyon yo ak yon rezime nan yon langaj senp ki esplike règleman sa a ap disponib nan fason suivan an:

- Sou demand, yon kopi enprime sou papyè pa lapòs san yo pa mande pou pati kap fè demand nan peye pou sa.
- Nan sitwèb Baptist Health la (www.baptisthealth.net)
- Nan chak sal dijans lopital ak nan chak departman ki fè admisyon e nan sant swen ijan ki fonksyone anba lisans yon lopital.

b. Rezime ki ekri nan langaj senp la ap adrese pwen suivan yo:

- Yon rezime tou kout sou pwogram asistans finansyè a ak egzijans pou elijibilite yo
- Kijan yon moun ka aplike pou asistans finansyè ak kijan pou yon moun jwenn plis enfòmasyon ak yon kopi aplikasyon an
- Adrès sitwèb dirèk ak adrès fizik kote yon moun ka jwenn kopi Règleman sou Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon
- Enstriksyon sou kijan moun nan ka jwenn yon kopi gratis Règleman sou Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon atravè imèl
- Enfòmasyon pou kontakte resous lopital yo ki kapab reponn kesyon konsènan pwogram asistans finansyè a ak aplikasyon an
- Yon deklarasyon sou disponibilite pou tradiksyon Règleman sou Asistans Finansyè a, aplikasyon, ak rezime ki ekri nan langaj senp nan lòt lang
- Yon deklarasyon ki di yo pap chaje okenn moun ki kalifye pou asistans finansyè plis pou swen dijans oswa pou lòt swen ki nesèsè sou plan medikal pase montan yo abitye faktire moun ki gen asirans sante

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

- c. Yap mete afich ki gen enfòmasyon debaz konsènan règleman sou asistans finansyè lopital la nan seksyon anrejistremen lopital yo ak nan departman dijans yo.
- d. BHI pral idantifye ajans piblik lokal ak òganizasyon ki pa travay pou pwofwi ki adrese bezwen sante popilasyon kominotè ki gen revni ba epi BHI ap bay òganizasyon sa yo enfòmasyon debaz sou pwogram asistans finansyè a.
- e. Tout etadkont yo voye bay pasyan ki pa gen asirans, ikonpri etadkont ajans kolkesyon tyès pati, ke etadkont sa yo ap gen yon asistans finansyè ki vizib kap avize ak enfòm benefisyè a sou asistans finansyè ki disponib nan règleman sa a, nimewo telefòn kote benefisyè a ka rele pou l jwenn enfòmasyon ak asistans ak sitwèb dirèk kote l ka jwenn kopi règleman sa a, yon fòmilè pou aplike pou asistans finansyè, ak yon rezime ki ekri nan yon langaj senp.
- f. Tout enfòmasyon piblik ak/oswa fòmilè konsènan dispozisyon asistans finansyè ap itilize yon langaj ki apwopriye pou jande sèvis BHI bay.

4. Idantifikasyon Pasyan ki Potansyèlman Elijib:

- a. Lè gen posibilite, anvan yo anrejistre pasyan an, gen yon konseye finansye ki pral fè yon entèvyou anvan anrejistremen an ak pasyan an, ak/oswa reprezantan legal li. Si pagen posibilite pou fè yon entèvyou anvan anrejistremen an, se pou yo fè entèvyou sa a lè yap anrejistre/admèt pasyan an oswa dèke yo kapab. Sizoka se yon admisyon dijans ki fèt, yo pa sipoze fè evalyasyon altènativ pou peman an toutotan yo pa bay pasyan an swen medikal li bezwen pou yo estabilize l.
- b. Yo ka idantifye pasyan ki potansyèlman elijib yo nenpòt kilè pandan yap bay sèvis oswa pandan pwosesis koleksyon an.
- c. Se pou yo refere pasyan ki petèt kapab kalifye pou pwogram asistans finansyè gouvènmantral bay pwogram ki apwopriye a, tankou Medicaid, anvan yo konsidere bay pasyan an asistans finansyè.

5. Detèminasyon Elijibilite:

- a. Yo fèt pou bay tout pasyan yo idantifye ki pa gen asirans anvan yo ba l sèvis ak/oswa pasyan yo egzeyate antanke potansyèl benefisyè asistans finansyè, opòtinite pou l aplike pou asistans finansyè.
- Ou ka jwenn aplikasyon pou asistans finansyè anvan yo bay sèvis nan Departman Asistans Finansyè e se la tou pou voye aplikasyon an tounen lè w fin ranpli l.
 - Ou ka jwenn aplikasyon pou asistans finansyè apre yo bay sèvis nan Sèvis Finansyè Pasyan e se la tou pou voye aplikasyon an tounen lè w fin ranpli l.
 - Antou lè ka, lè yap voye aplikasyon an bay pasyan yo, fòk yo mete enfòmasyonki gen direktiv debaz ladann ki endike ke gen yon konseye finansye ki disponib pou ede pasyan an ranpli aplikasyon an.
- b. Pasyan an fèt pou l resevwa yon aplikasyon, li dwe ranpli l epi l fèt pou l bay tout done ki nesèsè pou yo verifiye elijibilite l. Pou yo detèmine elijibilite a, fòk se atravè yon pwosesis verifikasyon e fòk li genyen omwen youn nan pyès dokimantasyon suivan yo:
- Fòmilè prelevman fiskal W-2.
 - Souch chèk pewòl yo.
 - Deklarasyon taks.

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

- Fòmilè ki apwouve oswa ki pa apwouve konpansasyon chomaj oswa konpansasyon travayè.
- Yon verifikasyon alekri ki soti nan ajans byennèt sosyal oswa ki soti nan nenpòt ajans gouvènman ki kapab konfime revni pasyan an pandan douz dènye mwa yo.
- Yon bon vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid an kesyon an fin epuize.
- Yon deklarasyon temwen ke pasyan an oswa pati responsab la siyen. Fòk deklarasyon an gen ladann yon rekònesans ki di, konfòmeman ak lwa leta a, si yon moun bay fo deklarasyon pou fwode yon lopital defason pou l jwenn byen ak sèvis, yo konsidere zak sa a kòm yon krim minè nan nivo dezyèm degre.

c. Sizoka pasyan an pa ta bay ase enfòmasyon pou yo decide si li elijib pou l resevwa asistans finansyè, gen yon konseye finansyè ki pral bay pasyan an yon avi alekri pou fè pasyan an konnen ki enfòmasyon li manke. Fòk yo voye yon kopi rezime pwogram nan yon langaj ki senp anmenm tan ak avi sa a. Si gen yon konseye finansyè ki idantifye yon aplikasyon meritwa ak dokiman ki pwouve l (tankou rapò yon biwo kredi) men manke yon eleman ke yo tabli nan seksyon b. anwo a (tankou si yon aplikasyon pagen siyati temwen an sou li), Vis Prezidan Rejyon Nò a, Direktè Sèvis Finansyè Pasyan an ak Manajè Asistans Finansyè Pasyan an ka toujou apwouve asistans finansyè a antanke Asistans Finansyè pou Moun Ki Gen Bezwen Espesyal.

d. Yo ka itilize yon bon vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid an kesyon an fin epuize san yo pa menm bezwen yon aplikasyon alekri pou yo apwouve elijibilite pou asistans finansyè.

e. Gen yon sityasyon inik ki ekziste kote yon lopital admèt yon pasyan ki gen toulede, Medicare ak Medicaid, kote:

Benefis Medicare Pati A pasyan an fin epuize nan kòmansman ou byen prèske nan kòmansman yon ane fiskal Medicaid (1ye jiyè) ak

- Benefis pasyan Medicaid ki entène a fin epuize.

Nan senaryo sa a, Medicaid pa bay yon bon pou vèsman pou endike kouvèti Medicaid la epuize. Nan senaryo sa a, yo ka petèt apwouve asistans finansyè san aplikasyon asistans finansyè alekri e san yon bon pou vèsman Medicaid ki montre ke benefis Medicaid pasyan an epuize si yo kenbe dokiman suivan yo:

- i. Kopi bon pou vèsman Medicare ki demondre ke benefis yo fin epuize.
- ii. Yon imaj ekran ki demontre elijibilite Medicaid pou tout admisyon an.
- iii. Kopi paj Livrè Jeneral Founisè Medicaid Florida (Florida Medicaid Provider General Handbook) a ki espesifye règleman an pou Pasyan ki Entène Lopital ak Epuizman Benefis Medicare Part A (Inpatient Hospital and Medicare Part A Benefit Exhaustion).
- iv. Kopi fakti ki divize pou admisyon, ki separe chaj yo pou 1) Kouvèti Medicare Part A, 2) kouvèti Medicare e 3) peryòd apre epuizman benefis Medicare ak Medicaid.

f. Si yon benefisyè Medicaid aplike pou asistans finansyè pou sèvis ki nesèsè onivo medikal nan BHI, sa se pa yon founisè Medicaid nan yon eta done, yap konsidere ke benefisyè Medicaid la pa gen asirans pou sèvis sa yo e ke li elijib pou l aplike pou asistans finansyè. Nan ka sa yo, yo kapab itilize metòd pou valide elijibilite pasyan Medicaid la oswa yo ka itilize yon bon vèsman ki pa aksepte benefis Medicaid san yon aplikasyon ekri ki pwouve elijibilite asistans finansyè. Si apre 6 jou ke yo

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

voje fakti a bay Medicaid li pa rejete l, yo pral mete yon imaj ekran ki montre elijibilite Medicaid pasyan an nan sistèm imajri dokiman an e yo ka petèt apwouve kont la pou l resevwa asistans finansyè san yo pa menm soumèt yon aplikasyon alekri e san yo pa menm soumèt yon bon vèsman ki pa aksepte benefis Medicaid.

g. Yo pral bay aplikan yo yon rapò kredi ke yap rale puiske yo konsidere li nesese pou valide enfòmasyon yo bay nan aplikasyon an.

h. Yo fèt pou kenbe yon dosye, an papye oswa elektwonik, ki dokimante idantifikasyon moun ki revwa ak apwouve oswa rejete aplikasyon an ak dat li pran desizyon sa a.

i. Dèke yo fin konplete aplikasyon an e dèke yo fin soumèt dokiman ki apwopriye yo, gen yon konseye finansyè ki pral dokimante swa nan aplikasyon an oswa nan rezime ann anèks la: 1) apwouve oswa rejete; 2) non konseye finansyè a; 3) dat yo apwouve/rejete l ak 4) nenpòt kòmantè/enstriksyon.

j. Si yo kesyone kapasite yon pasyan pou l satisfè egzijans rezidans yo tabli nan règleman sa a, pasyan an fèt pou l prezante dokiman ki demontre ke li rete nan yon adrès ki elijib. Yon egzanzp dokiman ki akseptab se bil sèvis itilite ki gen non pasyan an ak kote yo bay sèvis la. Yo ka petèt aksepte lòt dokiman ki montre rezidans pasyan an avèk apwobasyon Vis Prezidan Finans Rejyon Nò a.

k. Elijibilite prezime – pasyan ki gen ka emèjan oswa ka dijans ki pa gen asirans, yo kapab prezime ke yo elijib nan kèk sikonstans limite. Pasyan yo detèmine ki gen elijibilite yo prezime pou asistans finansyè, yap ba yo asistans finansyè a 100%, epi yo pap egzije pou yo satisfè kritè revni yo, kritè elijibilite pou byen yo posede, oswa yo pap oblije ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè. Men sikonstans ki elijib pou asistans finansyè prezime:

- Pasyan an mouri epi l pa gen okenn patrimwàn,
- Adrès yo gen nan dosye pasyan an se adrès sanzabri oswa yon mezon dakèy pou sanzabri, oswa
- Nenpòt pasyan ki kalifye pou resevwa kouvèti anba Distrik Swen Sante nan Konte Palm Beach satisfè kalifikasyon yo pou asistans finansyè konfòmman ak règleman sa a poutèt direktiv PBCHD ki suiv Gid Pòvreté Federal 200% an.

l. Pasyan ki te enkasere lè yo te ba l sèvis oswa nan dat yo te ba l sèvis la, pa elijib pou asistans finansyè selon règleman sa a.

m. Pasyan entènasyonal ki Ozetazini sou yon Viza Vizitè ki Valab, pa elijib pou asistans finansyè selon règleman sa a.

n. Si e lè anplwaye BHI pa ka tabli elijibilite klèman, anplwaye BHI a pral itilize bon jijman li epi lap soumèt yon memorandòm (memorandòm sa a fèt pou l se premye fèy ki anndan pake dokimantasyon an) ki liste rezon jijman sa a ansanm ak dokimantasyon sou asistans finansyè bay sipèvizè apwopriye a. Alèkile Manajè BHI a pral revwa memorandòm nan ak dokimantasyon an. Si Manadjè a dakò pou l apwouve elijibilite a, yo pral siyen Desizyon Elijibilite a ak yon pwosesis Apwobasyon nòm. Si Manadjè a pa apwouve elijibilite pasyan an selon règleman sa a, Manadjè a fèt pou l siyen memorandòm yo soumèt la epi l fèt pou l retounen tout dokimantasyon an bay anplwaye BHI yo ki yomenm pral note kont la epi yap voje dokimantasyon an bay Biwo Biznis Lopital la pou yo klase l. Si Manadjè a pa dakò ak jijman anplwaye BHI a, Manadjè a fèt pou l deklare rezon ki fè yo pran yon nouvo jijman epi l pral voje dokimantasyon an tounen bay anplwaye BHI ki limenm pral suiv swa pwosesis refi a oswa pwosesis apwobasyon an, selon desizyon Manajè a.

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

o. Pandan pwosesis verifikasyon revni a, etan BHI ap kolekte enfòmasyon ki nesèsè pou l konn revni yon pasyan, yo ka trete pasyan an antanke pasyan kap peye pou pwòp tèt li konfòmman ak règleman BHI yo.

6. Faktirasyon ak Rekouvremant

a. BHI pap angaje l nan okenn aktivite kolekte lajan ECA kont yon moun pou l kolekte peman pou swen moun nan resevwa toutotan li pa fè kont efò pou l chèche konnen si moun nan elijib pou l resevwa asistans pou swen selon Règleman sou Asistans Finansyè BHI. BHI fèt pou l pran mezi suivan yo pou l montre li fè kont efò l kapab pou l chèche konnen si yon pasyan elijib pou asistans finansyè:

1. Avize pasyan an sou ekzistans pwogram asistans finansyè a anvan li antame nenpòt ECA pou l jwenn peman pou swen epi li pap antame okenn ECS pandan omwen 120 jou apatide dat li te voye etadkont pou fakti swen medikal apre egzeyat la.

2. Bay avi alekri ki gen rapò ak konplete yon aplikasyon asistans finansyè pou yon pasyan ki soumèt yon aplikasyon ki pa konplè pandan Peryòd Aplikasyon an (Gade nan pwosedi 5c anwo a) epi sispann tout ECA pou resevwa peman pou swen pandan yon peryòd rezonab defason pou pasyan reponn.

3. Pran yon desizyon epi dokimante l asavwa si pasyan an elijib pou l resevwa asistans finansyè pou yon pasyan ki ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè nan peryòd Aplikasyon an (Gade pwosedi 5h ak 5i anwo a) epi sispann ak tout ECA pou resevwa peman pou swen an jiskaske yo pran yon desizyon sou yon asistans finansyè.

4. Avize pasyan an omwen 30 jou anvan w antame youn oswa plizyè ECA pou resevwa peman pou swen yo selon kondisyon suivan yo:

a. Bay moun nan yon avi alekri ki fè konnen gen asistans finansyè ki disponib pou moun ki elijib yo, idantifye ECA(yo) ke etablisman lopital la (oswa ke lòt pati otorize) gen entansyon antreprann kap fèt pazavan 30 jou apre dat yo bay avi alekri a.

b. Bay moun nan yon rezime Rèleman Asistans Finansyè a ki ekri nan yon langaj senp ansanm ak avi alekri a.

c. Fè tout sa w kapab pou avize moun, aloral, konsènan Règleman etablisman an genyen sou Asistans Finansyè epi esplike moun nan kijan l ka jwenn asistans epi esplike l pwosesis aplikasyon pou asistans la.

5. Kenbe epi ranfòse akò irevokab legal ak tyès pati kote yo refere dèt yon pasyan oswa dèt yo vann pou konfòme ak sèten egzijans tankou sa yo:

i. Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè apre yo fin refere oswa vann dèt la mèzalò anvan fen Peryòd Aplikasyon an, pati a pral sispann EPA pou l jwenn lajan pou swen l yo.

ii. Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè apre referans oswa apre vant dèt la anvan Peryòd Aplikasyon an fini epi yo deside moun nan elijib pou asistans finansyè, men kisa pati a pral fè san pèdi tan:

A. Lap konfòme l ak pwosedi yo defini nan akò a ki asire ke moun nan pa peye, epi l pa gen okenn obligasyon pou l peye pati a ak BHI ansanm plis pase sa

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

moun nan oblije peye pou swen an antanke moun ki elijib pou asistans finansyè.

B. Si l aplikab e si pati a (olye se BHI) gen otorite pou l fè sa, pran tout mezi rezonab pou chanje nenpòt ECA (apade vant yon dèt) ke yo pran kont yon moun.

iii. Si pati a refere oswa si l vann dèt la bay yon lòt pati ankò pandan Peryòd Aplikasyon an, pati a pral resevwa yon akò alekri nanmen lòt pati sa a ikonpri eleman ki anwo yo.

b. Yon fwa yo decide yon pasyan elijib pou asistans finansyè, BHI fèt pou l:

1. Avize pasyan an sou dezisyon alekri a.

2. Ranbouse kèlkeswa peman li resevwa pou sèvis apwobasyon asistans finansyè a te kouvri pou li (amwenske montan ann eksè sa a mwenske \$5 oswa ke yo te pibliye lòt montan sa a nan Bilten Internal Revenue).

3. Annile kèlkeswa aksyon koleksyon ekstraòdinè yo te pran kont pasyan an.

c. Anvan yo otorize yon kont pou Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè, yo dwe fè yon revizyon final sou kont la epi fòk Vis Prezidan Finans Rejyon Nò a apwouve l pou asire l ke yo te fè tout efò posib pou konnen si pasyan an elijib pou asistans finansyè.

7. Avi sou Detèminasyon Elijibilite:

a. Direktiv klè asavwa kantite tan yo bezwen pou revwa aplikasyon an epi yo ta dwe bay pasyan an yon dezisyon lè lap fè aplikasyon an. San pèdi tan, yap bay yon dezisyon alekri ki limenm ap bay yon rezon ki fè yo rejete aplikasyon an; anjeneral sa fèt 30 jou apre yo fin resevwa aplikasyon an okonplè.

b. Si yo te itilize yon rapò biwo kredi pou decide yon pasyan pa elijib pou asistans finansyè, fòk yo rapòte dokiman biwo kredi yo itilize a bay pasyan an konfòmman ak ekzijans Lwa pou Rapòte Kredi San Paspouki (Fair Credit Reporting Act).

c. Aplikasyon pou asistans finansyè pou kont pasyan kap tann otorizasyon Medicaid; donk yo pap travay sou aplikasyon sa yo toutotan Asistans Finansyè Pasyan pa resevwa avi final ki soti nan pwogram Medicaid oswa ki soti nan elijibilite yon konsiltan ki se yon tyès pati. Si yo pa resevwa avi a sou 120 jou apatide dat egzeyat la, yap travay sou aplikasyon pou asistans finansyè a, epitou yap avize pasyan an sou sa; e anjeneral sa fèt nan 30 jou apre (amwenske Medicaid voye yon avi otorizasyon nan peryòd sa a).

8. Siveyans ak Rapò:

a. Yo pral rapòte asistans finansyè chak ane nan Rapò Benefis Kominote a (Community Benefit Report) epi yap rapòte l chak trimès bay Komite Benefis Kominote a (Community Benefit Committee).

b. Fòk asistans finansyè ke yo rapòte bay Leta Florida satisfè direktiv sou rapò asistans finansyè leta a. Yo amande direktiv sa yo regilyèman. Kritè elijibilite aktyèl la se revni fanmi ki a 200% oswa mwens nan direktiv pòvrete federal la oswa fòk montan chaj lopital pasyan an dwe depase 25% de revni anyèl fanmi pasyan an. Sepandan, nan okenn ka, lopital la pa ka chaje yon pasyan lè revni fanmi l depase de kat fwa direktiv federal yo tabli pou yo konsidere asistans finansyè pou yon fanmi ki gen kat moun ladann, onivo leta.

9. Pwosedi Otorizasyon pou Asistans Finansyè:

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.

a. BHI pral konplete yon aplikasyon asistans finansyè pou chak pasyan ki satisfè kritè ki nan règleman sa a. Yo pral mentni pwosesis aplikasyon an avèk yon apwòch pwogresiv selon montan total yo chaje chak kont. Men kijan pwosesis siyati otorizasyon an fèt:

1\$ – \$100,000	Manadjè Asistans Finansyè pou Pasyan / Sipèvizè Asistans Finansyè pou Pasyan
\$100,001 – \$250,000	Direktè Sèvis Finansyè pou Pasyan
\$250,001 – oswa plis	Vis Prezidan Finans nan Rejyon Nò

b. Yap anrejistre kont yo selon dat yo te antre ajisteman asistans finansyè a nan kont la.

c. Si yo apwouve aplikasyon pou asistans finansyè a, otorizasyon an otomatik pou tout admisyon ki kalifye nan peryòd 12 mwa anvan yo oswa nan ane fiskal aktyèl la.

10. Enfòmasyon pou Kontakte Lopital la:

Sitwèb	https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance
Telefòn	Si w vle pale ak yon Konseye Finansye, rele nan 561-737-7733, Ekst. 84671 (Lendi a Vandredi– 9:00AM – 4:30PM)
Pa Lapòs	Mande enfòmasyon alekri oswa poste yon aplikasyon bay Bethesda Hospital East, Attn: Patient Financial Assistance 2815 South Seacrest Blvd., Boynton Beach, FL 33435
An Pèsòn	Mande pale ak yon Konseye Finansye nan youn nan adrès suivan yo: Bethesda Hospital East 2815 South Seacrest Blvd. Boynton Beach, FL 33435 Bethesda Hospital West 9655 West Boynton Beach Blvd. Boynton Beach, FL 33472

DOKIMANTASYON KÒM SIPÒ/KÒM REFERANS:

- Lwa Florida 395.301 (8) Bòdwo Detaye Pasyan
- Lwa Florida 381.026 (4)(c)3 Deklarasyon Dwa ak Responsabilite Pasyan Florida, Dwa Pasyan, Diyite Endividyèl
- Lwa Florida 409.11 (1)(c) Pwogram Pataj Dispwopòsyone (Disproportionate Share Program), Definisiyon Swen Charite
- Kòd Revni Entèn § 501(r); Règ. Trez.. § 1.501(r)-1 et seq.

RÈGLEMAN, PWOSEDI KONÈKS, AK FÒMILÈ APLIKAB YO:

- Atachman: Kritè Eljibilibite pou Pwogram Asistans Finansyè BHI
- Evalyasyon Finansyè ak Fòmilè Demann pou Asistans Finansyè
- Fòmilè Premye Kontak pou Asistans Finansyè
- Pri pou Moun Kap Peye pou Tèt yo ak Tarif Fiks pou Sèvis selon Règleman 1039 Bethesda BHSF

EKZEKISYON AK SANKSYON:

Se Vis Prezidan Finans, Rejyon Nò, Direktè Sèvis Finansyè pou Pasyan ak Manadjè Asistans Finansyè pou Pasyan ki pral ranfòse règleman sa a. Vyolasyon règleman sa a, ka lakoz yo pran aksyon disiplinè, e li ka menm lakoz revokasyon.

Pou tout referans ki gen rapò ak Règleman yo se pou ale nan Kopi Prensipal BHSF (BHSF Master Copy) a sou Entranèt la; piga konsidere lòt vèsyon yo / lòt kopi Règleman an.